14.- ANGALE

JÀŋGALEKAT AK ELEWYI ÑINGII LÀKK ANGALE. Suñu làkk moom lañuy jëfëndikoo ci lépp luñuy xalaat mootax mënul taqqalikoo'k doomu aadama. Ci lu mel noonu mën nañu waxante ci beneen làkk budul suñu bos, muy làkk beneen réew. Du rekk ni mën nañu wax waay nakk dañ ko soxla ndax adduna biñu nekk mooko laaj. Dëgg dëgg soxla nañko te it bu ñu yaakaarni waxambaane yi rekka ko soxla waaye magget yi sax soxla nañko. Dinañ leen xamal doonte amna ñuko xam ba pare ni jëflante mën na yaatu ci anam yu bare lumel na di waxtaane ak ñu bare te wute, di liir ay surnaal, di déglu misil ak lu mel noonu. Te it yaakaar na ñu ni amna solo lool nga xamni jàŋg beneen laàkk dina yoombal xam ak xam beneen aada. Te buñu xamee beneen aada dinañ jeema nangu nekkinam, suñu nangoo nekkinam dinañ mënë gënë duna ak moom, te su boobaa dinañ yaakaar ëlëg bu am jàmm ci digënte nit ñu booklul aada te it jëflante bi dina gënë yoomb ci bépp gox ci addina bi, te loolu day warale addina bu gën ngir ñëpp.